

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan didasaran tina ayana asumsi yén di Kacamatan Nagrak anu geus mimiti kalindih ku proyék-proyéék komersil barudakna teu arapaleun kana dongéng-dongéng anu aya di kacamatan éta. Barudak téh apalna ngan kana dongéng-dongéng nu aya dina buku ajar atawa situs-situs web dina internét. Saenyana dongéng anu aya dina buku ajar jeung internet mah mangrupa dongéng-dongéng anu asalna lain ti wewengkon Sukabumi utamana lain ti Kacamatan Nagrak.

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang nyangking gambaran luyu-henteuna dongéng nu aya di Kacamatan Nagrak pikeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP. Sedengkeun tujuan hususna nya éta, ngumpulkeun dongéng naon waé nu aya di Kacamatan Nagrak, nganalisis dongéng anu aya di Kacamatan Nagrak, jeung nyusun bahan ajar ngaregepkeun tina dongéng anu kapanggih di Kacamatan Nagrak.

Dina ieu panalungtikan dilarapkeun téori ngeunaan dongéng, ngaregepkeun, jeung bahan ajar. Méhodé anu digunakeunana nya éta méhodé deskriptif analitis, sedengkeun téhniknanya éta observasi, wawancara, jeung talaah pustaka.

Dongéng anu kainvéntarisir ti opat désa di Kacamatan Nagrak téh jumlahna aya 39 dongéng, beunang mupu ti genep narasumber. Tina 39 dongéng

éta 19 diantaranya kaasup kana dongéng sasakala, dongéng-dongéng séjénna lima dongéng kaasup kana légenda, tujuh dongéng kaasup kana mite, opat dongéngkaasup kana parabel, hiji dongéng kaasup kana dongéngsato, jeung tilu dongéng kaasup kana dongéngjurig. Jenis dongéng sasakala mangrupa jenis dongéng panglobana anu aya di Kacamatan Nagrak, disusul ku mite, legenda, parabel, jurig, jeung sato.

Tina 39 dongéng anu kainvéntarisir, aya sapuluh dongéng anu dianalisis. Sapuluh dongéng ieu dianggap luyu jeung kritéria pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun. Tina hasil analisis struktur, kapanggih yén dongéng-dongéng anu dianalisis sakabéhna miboga unsur karya sastra wangun prosa nya étatema, alur, palaku, latar, jeung unsur tambahan pamohalan. Téma dina dongéng nu dianalisis téh aya anu ngeunaan perjuangan, kasaktian hiji jalma, ogé ngeunaan kahirupan jaman baheula. Dongéng anu dianalisis ogé euyeub ku ajén-inajén kamanusaan, diantaranya dina dongéng “Sasakala Ngaran Nagrak” aya amanat yén urang kudu mibanda rasa nasionalis bela ka negara jeung kudu pinter ambéh teu dijajah ku bangsa séjén.

Sapuluh dongéng anu dianalisis sakabéhna bisa dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP hususna bahan ajar kaparigelan ngaregepkeun, umumna pikeun bahan ajar séjén saperti kaparigelan maca, jeung kaparigelan nyarita, sabab éta sapuluh dongéng nyumponan kritéria dongéng anu bisa dijadikeun bahan ajar saperti euyeub ku ajén kamanusaan, bahasa anu dipakéna alus, jeung réa-réa deui.

## 5.2 Saran

Ieu saran ditujukeun ka pihak-pihak dihandap ieu.

### 1. Pikeun Panalungtik

Kusabab dina ieu panalungtikan mah ngan saukur ngainvéntarisir jeung nganalisis strukturna wungkul, kahareupna kudu aya panalungtik anu nuluykeun ieu panalungtikan hususna dina widang pendidikan atawa kajian sastra anu leuwih jero jeung komprehénsif.

### 2. Pikeun Guru

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar bahasa Sunda. Guru ulah ngandelkeun teuing bahan ajar tina buku pakét. Komo upama dongéng anu diajarkeunana teu saluyu jeung wewengkon, éta kurang merenah dina hal ngaronjatkeun minat jeung kacinta siswa ka wewengkonna.

### 3. Pikeun Pamaréntah Sukabumi

Pamaréntah kudu merhatikeun hirup-huripna budaya Sunda, utamana sastra lisan dongéng nu hirup di wewengkon Sukabumi. Hal ieu mangrupa poténsi jeung kakayaan wewengkon Sukabumi nu patalina jeung karakteristik, ogé jati diri urang Sukabumi. Pamréntah ulah ukur maliré pangwangunan fisik jeung matérial, tapi ogé kudu merhatikeun, maliré, jeung mekarkeun kabeungharan batin masarakat Sukabumi.